

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKUEN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,

J. KATS. M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: ~ GOENOENG SARI 84. ~ WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20.—
 Satengah katja . . . f 12¹/₂, Saparapat katja. . . . , 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 9

- | | |
|------------------------------------|-----------|
| 1. Tjarita Waroega goeroe . . . | katja 129 |
| 2. Paririmbon (Alamatna impian) | „ 136 |
| 3. Sawér Si Roentjang koendang | „ 140 |
| 4. Oenak-anik basa Soenda IV . . . | „ 141 |
| 5. Pihatoer Redaksi | „ 142 |

Tjarita Waroega goeroe.

Sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun dina P. S. N: 6 jen Babad mah radjeun soelaja, kawasna anoe aja dongkap ka lebah oerang tèh koemaha tjeuk pahamna para boedjangga

baheula baè, mangkaning boedjangga baheula tèh sanès saoerang doeaan, anoe pada-pada teu sabiloeloengan dina noeroenkeun raratanana tèh.

Geura oepami koe oerang dihaben ditalèk hidji-hidjina poko tjarita, engkè kaoeninga soelajana; kantenan nadjan teu sakaroepa ogè ari moebah mah moal, tangtos rèa poeloenganeunana, sapertos babad Galoeh, tjarita Tjioeng Wanara, Waroega goeroe, sareng sadjabi ti èta.

Soepados aja geusan ngabandingkeun ieu di handop diserat **Tjarita Waroega goeroe**, kenging noeroen tina panglajang Bat. Gen. van K. en W, nja èta anoe asalna tina hidji kitab aksara Soenda baheula, anoe kapendak ti **kaboejoetan Kawali** (Tjiamic).

Njikitoe deui engkè saparantos ieu, baris ditèma koe babad Galoeh, njandak poko, sasoengapan sareng Waroega goeroe.

Soepados kaoeninga ti anggalna, ieu tjarios

basana èdjahanana, satjepèkna tina anoe
ditoeroen tèa baè.

Tjarita Waroega goeroe.

Katja 1.

Ini tjarita Waroega goeroe, èta noe njakrawati. Noe poèk angngen toeoles, da koe-djaba di noe bodo, noe tarraboeka prajaji sakarep kasorang tineung mèunang goeroe.

Ratoe poessaka di djagat paramodita, èta, ka'njahokeun ratoe Galoeh, keurna bidjil ti alam gaib; nja nabi Adam ti heula.

Ratoe Galoeh dienggonkeun sasaka alam doenga. Basana toeroen ti langngit masoe-hoer, toeroen ka langit djambaloelah, toeroen ka langngit moetijara, toeroen ka langngit poerasani, toeroen ka langngit inten, toeroen ka langngit kantjana, toeroen ka langngit poetih, toeroen ka langngit ireng, toeroen ka langngit doenja.

Dja kalangngan, tata lawas toeroen ka goenoeng Djabalkap.

Oepami: Ratoe Ga.

Katja 2.

loeh dienggonkeun sasaka alam doenja, nabi Adam ti heula, pinarekking goenoeng Mesir.

Adam diseuweu opat poeloeh, dwa noe sakembarran, moenidjah loelohoer hadji dewi; tjikal, da hidji, dingarankeun nabi Isis; loelohoer manoesa.

Nabi Isis diseuweu Kalijanggin.

Kalijanggin diseuweu Malit.

Malit diseuweu Malam.

Malam diseuweu Mahoer.

Mahoer diseuweu Lamak.

Lamak diseuweu Nasar.

Nasar diseuweu Basar.

Basar diseuweu Nabi Enoh.

Nabi Enoh diseuweu istri, poetri Betari Sanglinglang.

Betari Sanglinglang diseuweu Moeladasadi.

Moeladasadi diseuweu ratoe Babar bwana, arina krama ka Batari Logina.

Batari Logina diseuweu ratoe Gandoel gantoeng.

Naha mana dingarankeun ratoe Gandoel gantoeng? Kerna

Katja 3.

tapa di awang-awang.

Arina krama ka Betari Tjipta Lenggang, diseuweu nja Ratoe Meneng poetih.

Naha mana dingarankeun ratoe Meneng poetih?

Kerna tapa dina haseup bidjil poetih.

Arina krama ka Betari Tjipta wisesa, arina diseuweu ratoe Gandoel larang.

Naha mana dingarankeun ratoe Gandoel larang?

Kerna tapa dina bëntang.

Arina krama ka Betari Mekoe bajoe.

Betari Mekoe bajoe arina diseuweu ratoe Okang larang.

Naha mana dingarankeun ratoe Okang larang? Kerna dina boelan.

Arina krama ka Betari Mekoe hoerip; Betari Mekoe hoerip arina diseuweu ratoe Siar.

Naha mana dingarankeun ratoe Siar? Kerna tapa di djero banjoe.

Arina krama ka Betari Medang tasa, arina diseuweu ratoe Komara.

Ratoe Komara arina krama ka Betari Lenggis

Katja 4.

djati.

Betari Lenggis djati arina diseuweu ratoe Poetjoek poetih. Naha mana dingarankeun ratoe Poetjoek poetih?

Kerna tapa di djero langngit poetih noe leuwih.

Arina krama ka Betari Panggoeng kan-tjana, arina diseuweu Baginda premana.

Arina krama ka Maradja Leng djagat, arina dibogaseuweu djoemeneng ratoe Radja poetra poeter djagat.

Ditibanan tji banjoe eloeh.

Diraga-raga (diragragan) tji banjoe eloeh.

Koetjarita Waroega goeroe mana djoemeneng njakra wati, katoeroenan tjaja eloeh, toeroen ka goenoeng Rajanna, djoemeneng ratoe Rajanna.

Mangka tjaritakeun deui nabi Adam.

Diogan sarejat, lampahna, eukeur bingoeng, miteteken srangenge, hoekoemna sakoer noe oesik dihalalkeun, alamna lima riwoe tahoen, tjengkal ka-

Katja 5.

joe ka patbelas ratoes.

Kasalinan deui koe nabi Enoh, alamna dalapan ratoes tahoen, tjengkal kajoe salapan ratoes tjengkal pandjangna, hockoemna sa-koer noe paeh koe maneh diharamkeun, balana saensina.

Kasalinan deui koe nabi Isis, diboga kitab tanpa karana.

Tjaritakeun deui ratoe Radja poetra poeter djagat.

Nabi Enoh mireungngeuhkeun nagara Selong padagang dalapan.

Mangka noeroet Baginda premana premana sabalana kabeh.

Ratoe Radja poetra poeter djagat noe ranoeuhan hanteu miloe, koedoe-koedoe karsa daga babatang.

Mangka kahatoer ka ramana.

Mangka bendoe ramana: eta oge rek dipopepesan.

Mangka di-

Katja 6.

tjekel koe Adam daoer.

Mangka kabireungeuh koe njai aisna, koe ratoe Dewi asta, Mangka dibelakeun djalma sewoe.

Toeloejna ka kahijangan.

Lawas tapana di kamoelijaan, toeroen ngababakan.

Medang kamoelan sangngara, noe boga dajeuh dingaranan ratoe Rawana(?).

Mangka diprangngan koe Alam daoer, kasedek ngidoel ka poelo Panamoer.

Mangka silih balang koe goegoetok batoe sewoe, toeroenna ka dajeuh, mana dingarankeun Goenoeng Sewoe.

Mangka silih balang koe siwalan, toeroena kadajehu mana dingarankeun Bagelen.

Tjaritakeun deui poetrana ratoe Mesir na poetri geulis Raminihaloel, noe djoeng dina boelanna boelan anggara kasih.

Oenggahna ka papangngongoeng-

Katja 7.

ngan nengtjengna patanggalan.

Rek dibireungeuh ngoelon, pepet; rek dibireungeuh ngaler, pepet; rek dibireungeuh ngeten, pepet; rek dibireungeuh ka tebeh kidoe, behna pameget.

„Rampes, ta injah”.

Toeloej hatoer ka ramana: „rama, kawoela hatoer dek krama ka ratoe Radja poetra poeter djagat.”

Saoer ramana: „Soekoer temen, anaking, hidup rek krama na ais bawa satapa.”

Toeloej dibawa koe Darma siksa.

Toeloej angkat deugna kai ais didjenengkeun Amad moesapir.

Toeloej ka nagara Medang kamoelan; kadaharranan sri.

Mane aja sri di noesa Djawa.

Toeloej krama raka ka pada raka, rai ka pada rai.

Toeloej pinoeh Medang kamoelan, dieusi koe doe riwoe

Mangka karsa min-

Katja 8.

dah dajeuh ka Goenoeng kidoe.

Mangka diwaris koeringna koe Darma siksa, noe ti Mesir sakoeringna ka goestina, noe ti Selong sakoeringna ka goestina.

Saoer ratoe: „Lalakina èta oge teu dibwaga waris, aja waris poerba mana koeat ewe-ewena”.

Mangka toeloej djadi nagara doewa kang raka deungngeun kang rai.

Mangka tjaritakeun deui nabi Enoh.

Saoerna nabi Adam: „Nabi Enoh, teu ja-tjan dahar sri; reja doeradoe, koedoe bogoh ka pada lalaki, karsa dahar babatang.”

Saoerna: „Nabi Adam, moegi-moegija keuna bebendon deneng Allah.”

Mangka nabi Adam njieun parahoe.

Mangkana pastoe, dibawa oenggah ka parahoe nabi Adam nabi Enoh.

Bibawa oenggah ka parahoe, mangka bi-djil angin topan sapotjorlo ti sagara, mangka keneum alam doenja.

Oerang noe-

Katja 9.

sa Djawa ramè eukeur njieun goenoeng.

Saoer ratoe Prewata sari djagat: „pi-ka-keueummeun.”

Mangka njipla goenoeng sasipat langit, dingarankeun goenoeng Adrakasa.

Mangka oerang noesa Djawa dibawa oenggah goenoeng koe rata Prewata sari djagat.

Mangka oerang noesa Djawa dibawa oenggah goenoeng ka sanghijiang poentjak Lingga pajoe.

Mangka lawas-lawas orot deui.

{ Mana noe saat ti heula bodjong rentjang tjarangtjang betan kembang lopang, mana dingarankeun Bodjong lopang.

Toeloej ditoeroennan dibabakan koe Darma siksa.

Toeroenna ka dajeuh mana aja Imba naga, didjenengkeun Ki dipati panaekkan masihnya ratoe leungit di goenoeng.

Mangka oenggah palo kanjtjana koemambang-kambang, ditalian koe hoè koe rokro, ditjangtjangkeun ka goenoeng, dingarankeun Noesa kambangan. Mangka

Katja 10.

katoeroennan wahijoe.

Saoer noe Wenang: „geura tapa di sompokking panonpoë, dinja pidjadieun ratoe”.

Meunang saoer saketjap, toeloej angkat deui.

Saoer noe wenang: „djadjaga ka loka goemilang na tapa manana aja sawarga loka.

Mangka neroes boemi ka handap ka sargina.

Arina dibabar bawana, mana aja Bwana larang. Toeloej tapa dinja.

Meunang saoer saketjap, mangka angkat deui ka loehoer. Bidjl ti goenoeng, babar ti gasak, ti ngabaloengboeng djalanna, mana dingarankeun goenoeng Galoenggoeng. Mangka arina dipeungpeukan; mana dingaranan, Pameungpeuk.

Toeloej tapa di goenoeng Boeligir poetih, dibabar bawana; mana aja Bwana lamba.

Toeroen ka goenoeng Dapang, moeroeb moetjar pakatonan di djagat paramodita, disoejoedan koe sadjagat kabeh, saloemahing boemi sakoerebbing langngit. Mangka bi-

Katja 11.

reungngeuh koe Darma siksa.

{ Toeloej diparanan koe Darma siksa, djadi sastra doewa poeloeh.

Toeloej dibikeun ka daleum dajeuh. Dihatoerkeun deui ka poetrana kabeh.

Mangka dibedjakeun ka sabrang, ka nabi Enoh.

{ Saoer nabi Enoh: „watek eta, seh, lekab karagragan tji banjoe eloeh, mana djoeme-neng Ratoe Galoeh.” Mangka seh Madjoesi doedoekoeh di Masigit watoe.

Maka sang ratoe ngadjenengkeun papatih opat noe natakeun sakabeh.

Didjenengkeun Alam Daoer noe natakeun djalma kabeh; didjenengkeun Dewa Goeroe noe natakeun di djero dajeuh, Darma siksa noe natakeun di karaton, Empoe Gandjali.

Mangka oerang Noesa Djawa pada soedjoed ka goenoeng anteg didjieun pamoedja-

Katja 12.

an.

Mangka katingallan koe malekat jen roek-sak oematna kabeh, alamna soedjoed ka kajoe ka batoe, mangka dipanah koe goetoek batoe.

Toeloej rempoe paboerantak, toeroenna; mana aja kaboejoetan.

Mangka soedjoed ka batoellah.

Oerang tjaritakeun deui aja anoe tapa di goenoeng Padang, jen kawasa, dingaranan Ajar soeka resi.

Mangka hatoer ka sang ratoe jen kawasa.

Saoerna sang ratoe: „Ah, aing neang ka noe tapa”.

Mangka greuhana ditapokan mohana koe kanjtjah.

Saoer sang ratoe: „Patih hatoerkeun ka noe tapa, sang ratoe bareuh mohana, koe naha?”

Toeloej kai patih hatoerkeun ka noe tapa.

Hatoerna kai patih ka noe tapa: „Noehoen, kaoela dipiwarang sang ratoe, sang ratoe bareuh mohana, koe naha?”

Saoer noe tapa: „Eta oge eukeur bobot sang ratoe.”

Kai patih toeloej poelang, hatoer ka sang ratoe.

„Koemaha patih, saoer noe tapa?”

„Noehoen, sang ratoe, saoer noe tapa sang ratoe bobot.”

Saoer sang ratoe: „Bohong noe tapa, pagah kawasa”.

Arina diteang kanjtjah

Katja 13.

teu aja, sang ratoe ngandeg.
Datang ka boelanna, babar.
Dingarankeun Hariang banga.
Lawas-lawas sang ratoe oewar ka sana-gara jen sang ratoe eukeur diboga seuweu.
Saoer sang ratoe: „Patih, hatoer deui ka noe tapa, sang ratoe eukeur diboga deui seuweu”.

„Rampes,” tjarekna kai patih.

Ari datang ka noe tapa, toeloej hatoer, tjarekna kai patih: „Kaoela noehoen, dipi-warang koe sang ratoe”. Saoer noe tapa: „Dipiwarang naha kai patih?”

„Mangka sang ratoe bobot, naha ewe-ewe ta lalaki piseuweueunana?”

Saoer noe tapa „Reja deui sang ratoe ka noe tapa Kai patih, hatoerkeun ka sang ratoe, saoer noe tapa piseuweueunnana ewe-ewe.”

Saoer sang ratoe: „bohong noe tapa, eta ogé kateh (kantjah, katel?)”

Arina ditejang, kateh teu aja.

Sang ratoe toeloej ngandeg.

Ari lawas-lawas, datang ka boelanna, toeloej babar sang ratoe.

Arina dibireungngeuh istri seuweu sang ratoe.

Tjaritakeun deui rejana para poetra.

Ratoe Maradja lenggang seuweuna ratoe Ajoeb noe tjalik di noesa Kambangngan.
Arina patoet-

Katja 14

tan nja Harijang banga toeroenan Adjar, poelang djawa noe ngasa di Soemade kidoel, balikna ka Madjapait.

Patoetan ti ratoe Prawata, eta seuweuna Preboe goenoeng, Sang radja pandji.

Patoetan deui ti ratoe Maradja dewi angin nja ratoe Pagedongongan.

Ratoe Maradja dewi angin seuweuna Preboe Wirat maka, ratoe Maradja sakti.

Patoetan ti ratoe Maradja dewa poetra raba doewa welas noe njarita tiloe.

Mangka toeroen ratoe Komara ti swarga ngajoega dajeuh di bodjong Tji-mandala wateun reudjeung Tji-gagakdjaloë.

Mangka gering sanagara Galoeh.

Saoer sang ratoe: „Patih, nahoeun tamba geringsanagara?”

„Kaoela noehoen, sang ratoe, kaoela rek hatoer ka noe tapa, menta tamba gering.”

Hatoer kai patih: „Noehoen, kaoela dipi-warang koe sang ratoe, menta tamba gering sanagara.”

Saoer noe tapa: „Rampes.”

Mangka ngala sagala tamba.

Toeloej dihatoerkeun ka kai patih: „Ijeu tamba gering, hatoer-

Katja 15

keun ka sang ratoe, kami dek noetoerkeun peundeuri”.

„Kaoela amit.”

Saoer noe tapa: „Pileuleujan, kai patih.”

„Kaoela noehoen, sang ratoe, ijeu tamba gerring sanagara ti noe tapa.”

Toeloej ditampanan koe sang ratoe.

Arina diboeka, beh reundeu.

Toeloej didahar koe sang ratoe; njat warras sanagara Galoeh.

Toeloej ka seba deui koe paramantri. Lila-lila toeloej datang kai adjar.

Saoer sang ratoe: „Soekoer temen, kai adjar datang, Reundeu baan saha?”

Saoer kai adjar: „Noehoen, bawa noe seba oerang noehoen, seba teh noe djaba baè, mangka diteda koe kaoela. Toeloej dipelak-keun koe kaoela; lawas-lawas ari tjoekkoel, kabatoer ka sampejan.”

„Kai adjar, ari kitoe ngabaktikeun sesa”.

Mangka sang ratoe pendoe.

Saoer sang ratoe: „Patih, paehhan kai adjar”.

Mangka ditjekel koe kai patih, dipaan ka rantja Tjiboengoer.

Saoer kai adjar: „Kai patih, hatoerkeun sa-

Katja 16.

oer kami ka sang ratoe, djadjaga ari boga deuis euweu lalaki nja eta noe dipaehhan teh”.

Toeloej ditelasan.

Ngalambah beureum getihna di rantja Tjiboengoer, mana dingarankeun Rantja beureum.

Lawas-lawas sang ratoe ngandeg.

Datang ka boelanna, lahir; arina dibireungeuh lalaki.

Mangka diasopekkeun kana kandaga kanjtjana, reudjeung endog sahoeoe, doehoeng sapoetjoek.

Toeloej dipalidkeun ka Tijitandoej.

Tjaritakeun deui Nini beranggantrang, Aki beranggantrang.

„Nini, hade temen impijan aing, ngimpi kagoentoerran manik katjaahhan mirah”.

„Aki, soegan saapan oerang meunang kirim ai pianak-anakkeun”.

Isoek-isock los ditejang, nageboer kandaga kanjtjana ngorang kana saapan.

Toeloej dibawa ka Ninina.

Ari diboe^{ka}, behna moerangkalih, endog disileung-leumkeun keris.

Toeloej diteundeun moerangkalih.

Toeloej dilorok, dipaningoerkeun.

Lawas-lawas datang ka tegoh tjangtjoet.

Mangka dibawa mojan koe na kai

Katja 17.

ajah.

Bwat tjioeng.

„Ajah, nahaeun eta?”

„Ngaranna tjioeng, anakking”.

Bot indoengna, bwat bapana, bwat anakna.

Poer hiber bapana.

„Ajah, ka mana eta arahina?”

„Piarahheunana ka daleum dajeuh”.

„Ah, ngaran aing Tjioeng manarah”.

Endog toeloej disileungleumkeun.

Toeloej megar, dingarankeun Singarat taradjang.

Mangka rame di daleum dajeuh noe keur rek sawoengan.

„Ajah, aing mah hajang ngadoekeun hajam aing”.

„Moelah, anakking, bisi eleh marrang”

Mengkena moerangkalih hajam toeloej dikelek, doehoeng toeloej disoengkelang.

Toeloej angkat, ditoetoerkeun koe na kai ajah.

Datang ka pagellaran, herra ningal oerang pagellaran.

Katingali koe patih Harijang bangnga kahatoer ka sang ratoe.

Toeloej disaoer koe djogan.

Saoer sang ratoe: „Ari eta, seuweu saha?”

Kaoela noehoen, anak kaoela”.

„Dipoendoet koe ngaing, Aki beranggantrang diperedikakeun sabawa kita”.

Toeloej poelang Aki beranggantrang

Katja 18.

bari nangngis, melang koe na kaiseuweu.

Rek mireungngeuh ka sang ratoe, mireungngeuh deui ka patih Harijang bangnga, toeloej mireungeuh ka sarirana di andjeun.

Lila-lila eling tjarita, hatoer ka sangratoe: „Kaoela anak andika”.

Ngareungeuhheun bangkeureuheun miresep hatoer sakitoe. Lila-lila toeloej, eling, sang ratoe dipendoet soengkelangna doe-hoeng.

Arina dibireungeuh soengkelangna doe-hoeng, beh poen Naga loemenggang.

Saoer sang ratoe: „Enja hidep anak aing”.

Kahatoer ka njai iboena.

Toeloej dirawoe dipangkoe ditjeungtjekiran.

{ Saoer Tjioeng manarrah: „Rama, iboe, kaoela neda waris”.

Saoer sang ratoe: „Enggeus bejakkeun koe na kai lanjtjeuk, koe patih Harijang bangnga”.

„Aja sotek kari pandaj domas koerang hidji, eta waris aing ka hidep.

Toeloej disoehoenkeun waris.

Sang ratoe toeloej ditjalikkeun, didjadjarkeun deung na kai lanjtjeuk deung patih Harijang bangnga ditoeloejkeunna, djengan patih Tjioeng manarah marentahkeun noesa tiloe poeloe tiloe.

Alamma ra.

Katja 19.

toe Galoeh pitoeng ewoe tahoen.

Mangka patih Tjioeng manarah karsa noeroenkeun pandaj domas koerang hidji, rek njieun imah beusi.

Ari njieun imah beusi.

Kabireungeuh koe sang ratoe, panoe-djoeueun.

Toeloej dihatoerkeun njieun deui bole beusi.

Kabireungeuh, panoedjoeueun dihatoerkeun.

Arina njieun deui kondjara wesi.

Arina dibireungeuh koe sang ratoe, panoedjoeueun, dihatoerkeun.

Saoerna patih Tjioeng manarah: „Hanteu njaho ta di djerona, ramma?”

Toeloej dilebetan koe sang ratoe.
„Hade”, saoer sang ratoe.

Djeprak dikantjing koe patih Tjioeng manarah, didjingdjing ka paseban, dioendangkeun ka sadadajehu.

Teu dibere tjai, teu dibere sangoe, dikemitan koe para seuweu.

Lawas-lawas saoerna patih Tjioeng manarah: „Sang ratoe lintoeh-lintoeh keneh.”

Horengnganan dibalangngan keupen koe patih Harijang bangnga.

Mangka bendoe patih Tjioeng.

Katja 20.

manarah, mesat hateup sirap, dibalang kang raka.

Toeloej bendoe kang raka.

Mangka kondjara wesi rek diirik.

Koe patih Tjioeng manarah direboet.

Koe ratoe Pagedongngan toeloej disoesoepkeun ka goenoeng Kelong.

Toeloej prerang, mangka disedekkeun ngetan kang raka. Datang ka Balangbang ngan, saoer kang raka: „Raji, oerang eureun.”

„Raka, rampes.”

Toeloej eureun teohheun madja, toegna bwah kalajar.

Ditjandak koe na kai lantjeuk.

„Raji ijeu boeah naeun?”

„Ijeu bwah madja, raka.”

„Ngeunah didahar?”

„Ngeunah raka.”

Arina didahar pait.

„Madjapait ijeu pingaranneun nagara.”

Disedekkeun deui ngoelon kang raja koe kang raka.

Datang ka Tadjog barat, saoer kang raja: „Raka, oerang eureun.”

„Raja, rampes,”

Eureun teohheun pakoe; toeg bwahna.

Ditjandak koe na kai ais,

„Raka, bwah naeun ijeu?”

„Bwah pakoe djadjar”

„Pakwan padjadjaran ijeu ngaran.”

Mangka prerang deui.

Datang ka Taraban, mangka toeroen Darma siksa.

„Nja prerang, anakking.” Tijipamali neroes goenoeng

Katja 21.

teka noendjang ka sagara halerang godong angnsana, na kang raka ditjandak koe kai mas dipangpengkeun ngetan, kang raji ditjandak koe kai mas dipidwahkeun ngoelon.

Toeloej dikoempelkeun ka nagara Galoeh koe Darma siksa.

Kondjarra wesi diparannan koe ratoe Majadja sakti, ditjipta toeloej leboer djadi tjai, toeroenna ka dojeuh, mana aja Kandang wesi.

Toeloej koempel deui ka nagara Galoeh, pada marek ka ramana neda idin.

Mangka matoer kang raji: „Raji oelah djoemeneng ratoe ti heula.”

Saoer kang raka: „Soeka aing djadi ratoe ti heula, da aing kolotna anak poetoe, raji koe aing dikawoelakeun mo djoemeneng njakrawati lamoen teu ngoembara heula.”

Patih Harijang Bangnga karsa moeroed ngetan, maan koeringna satak sawe nitih lemah Madjapait.

Poepoetra preboe Moela.

Preboe Moela arina poepoetra Preboe Teroes bawa.

Teroes bawa poepoetra

Katja 22.

Teroes Bagawat.

Teroes Bagawat poepoetra Preboe Teroes goemoeling.

Preboe Teroes goemoeling poepoetra Preboe Radja goemoeling.

Praboe Radja goemoeling poepoetra Preboe Manggoneng.

Preboe Manggoneng poepoetra Preboe Teroes bangbang.

Teroes bangbang poepoetra Ki Gedeng Messer.

Ki Gedeng Messer poepoetra Ki Gedeng Djati.

Ki Gedeng Djati poepoetra Ratoe Prewata.

Ratoe Prewata poepoetra Ki Gedeng Majanah.

Ki Gedeng Majanah poepoetra istri, dingarankeun Ratoe Sarikem.

Arina krama ka wong ngagoeng kabatoellah, dingarankeun seh Koeres.

Kaselangnganan koe Ratoe Padjang manjakit wawatoeneun nejangan boedak boele pitambaeun.

Nimoe Ki Gede Selang poetri dianggo,
manjakit warasna.

Poetri toeloej bobot.

Arina babar Ki Gedeng Katjoeng.

Ki Gedeng Katjoeng arina poepoetra Ki Gedeng Soeroewoed.

Ki Gedeng Soeroewoed.

Katja 23.

arina poepoetra Pangeran Sedang Karapaj (Karapijak 1601 — 1613), poepoetra Pangeran Sedang Kadjenar.

Pangeran Sedang Kadjenar poepoetra Pangeran Sedang Kamoening.

Pangeran Sedang Kamoening poepoetra Soetan.

Soetan arina poepoetra Soesoenan (Tegalwangi 1677).

Soesoenan arina poepoetra Soesoenan Mangkoerat.

Soesoenan Mangkoerat arina poepoetra Pangeran Dipati, katapa koe kang raji Soesoenan Poeger, poepoetra Pangeran Mangkoe Nagara.

Pangeran Mangkoe Nagara poepoetra Pangeran Dipati.

Tjaritakeun deui Tjieng Manarrah; karsa rek moeroed ngoelon.

Mangka maan koering pandaj domas koerang hidji nitih lemah Padjadjaran.

Arina krama ka Ratoe Endong Kanjtjana.

Arina poepoetra Darma Rehe.

Darma Rehe arina poepoetra Loetoeng-kasaroeng.

Loetoeng-kasaroeng arina poepoetra Preboe Lingga Hijang.

Preboe Lingga Hijang poepoetra Preboe Lingga Wesi.

Preboe Lingga Wesi arina poepoetra Preboe Lingga Wastoe.

Preboe Lingga Wastoe poepoetra Sang Soesoek Toenggal.

Katja 24.

Sang Soesoek Toenggal arina poepoetra Preboe Moending Kawati.

Preboe Moending Kawati poepoetra Preboe Anggalarang.

Preboe Anggalarang poepoetra Preboe Si liwangi, djoemeneng njakrawati Padjadjaran.

Paririmbon.

III

Alamatna impian.

Noeroetkeun kapertjajaan bangsa Soenda anoe loembrah; ngimpi tēh nja èta lakoe-lampahna soekma sabot keur sare. Oepama oerang sare, soekma oerang tēh kaloeartina koeroenganana, naon-naon pagawèanana djeung pamanggihna dina waktoena keur loemantoeng tēa, nja djadi ngimpi, tjenah. Malah sok radjeun aja soekma anoe njasab, kasaroeng teu bisa moelang kana djasadna, tangtoe anoe kitoe djadi maot tēa balockarna. Manawi sadajana ogè parantos oeninga, atanapi ngadangoe jén kolot-kolot mah katjida ngalarangna teu meunang mèrong, njoelang-njaling atawa njolètan beungeut noe sare, ari sababna noeroetkeun katrangan kolot tēa mah, taja lian ngan bisi soekmana èta noe sare tēa, teu bisa moelang deui ka djasadna lantaran panglingan kana ragana, pédah salin roepa. Liani aja kapertjajaan èta, aja deui oendakna pertjajana kana impian tēh, nja èta sok djadi alamat kana hadé djeung gorèng anoe koe oerang bakal kasorong, malah biasa disareboet ilapat ari diantebkeunana pisan mah. Koe toekang itoengan patangan mah ngimpi tēh dibagi tiloe bagian, nja èta: 1 Rivan, 2 ilapat, 3 ilham.

Rivan hartina ngimpi dina sare sagawa-jah, sare ti beurang, sare sorè-sorè, atawa ngimpi kaisoeknakeun.

Ngimpi rivan, tarà djadi alamat, lain ilapat, malah ilaharna diseboet kabaiva-baiva impi, atawa kaimpi-impikeun, nja èta naon-naon kalakoean oerang keur njaring, anoe katjida tjoemantèlna kana hatè, atawa anoe kapiangen-angen dipindo kasorong dina keur sare. Sok radjeun djadi rivan deui, oepama sare kasawoer koe sora anoe ngaromong, noe seuri atawa koe kadjadian anoe sèdjén, anoe soemanding ka noe keur sare tēa.

Asoep kènèh kana ngimpi rivan, lamoen keur sare ditindihan eureup-eureup, atawa saroepaning impian anoe disangka panggoda sétan.

Impian-impihan anoe disangka asal lantaranana tina papakean, pakakas atawa barang sèdjèn anoe dipakè atawa toemerap dina badan, atawa panggawè anggahota anoe teu diniatan sabot keur sarè, èta kabèh ogè *riwan* baè; saperti: ngimpi ngapoeng pèdah sarè dibadjoe, ngimpi ditjong-tjong lèntah pèdah aja rêmèh napol, ngimpi tigoeling lantaran soekoe ngèlèsèd dj. s. t.

Ilapat, nja èta ngimpi anoe djadi alamat tèa, ngimpi enja tjenah, datangna ogè biasana tara dina sambarang sarè, tapi milih waktoe nja èta tengah peuting babakoena, komo laméon dina malem Djoeimaah mah.

Ngimpi ilapat ogè aja roepa-roepa, nja èta:

1. Anoe djadi alamatna tèa, silib atawa sindirna tina anoe saenjana, saperti *ngimpi tituleum*, alamat bakal *tjilaka*. Ngimpi nan-djak bakal soesah (*tjeuk sawarèh* bakal naèk pangkat).

Ngimpi nimoe doeit bakal radang, dj. s. t.

2. Anoe djadi alamat tèa *sabalikna* tina noe saenjana bakal kalampahan, ngimpi oentoeng bakal boentoeng, ngimpi dipoadji bakal meunang *wirang*, ngimpi boengah bakal soesah, dj. s. t.

3. Anoe djadi alamat tèa *saenjana*, tjeplés anoe kaimpi tèa noe bakal kasorang tèh, saperti peutingna ngimpi *papanggih* djeung *baraja*, ari isoekna *gok papanggih*. Ngimpi leungit doeit, ari isoekna lokèt aja noe maling. Di panjabaan ngimpi pamadjikan gering, ari datang ka imah njampak pamadjikan pajah. dj. s. t.

Ari anoe diseboet *iham*, sok dischoet kaloengsoeran wahjoe, ieu ogè aja *tahapanana*, aja toempa-toempana, noeroetkeun waroega ragana iman nja èta: 1 Piwoeroek atawa *pitoedoeh* ti bangsa loelohoer, baba-koena ti karoehoen atawa sepoeh anoe geus teu aja di kieuna, saperti: meunang piwoelang ti aki boejot, ngabèdjaan koedoe ngadji kitab Anoe, atawa meunang piwedjang hidji 'elmoe kaloehoengan; Aja aki-aki noedoehan pependeman, dina itoenganana (ieu sok diasoepkeun kana golongan *ilapat*). 2. *Kaloengsoeran Wahjoe Pangèran*, ati padang tarawangan. Sarèng lian ti èta aja kénèh tahapan sanès, anoe langkoeng loehoeng, malah di dieu mah geus ingkar tina babasaan ngimpi.

Kadjabi ti dèrahan èta, sok aja deui anoe-maparin idjrahanana tina bab ngimpi tèh, nja èta saoerna ngimpi tèh sanès toekoeh koedoe dina keur sarè baè, tapi *anoe njaring* ogè sering ngimpi. Mapan sering boekti, panon boentjelik ngadjentoel miloe ngarioeng, ari ditanja *ngarendjag*. Tah, saoerna, èta ogè ngimpi kénèh, nja èta anoe ingetan teu koemboeh, ngentjar henteu katoengkoel kakoeroeng koe bakoe, djalan mèngpar ka loearéun noc keur disorang, èta ngimpi pibasaeunana. Geuning sering lamoen aja kantja anoe keur enja tjarita, batoer oedjoeg-oedjoeg ngagelenjoe, iinoet tampolana mah seuri ngabarakan tak sorangan, èta lakoe anoe kitoe *goendam* tèa pingaraneunana, djadi sanès ngan tepi kana ngimpina baè dina njaringna ogè.

Ana keur njaring mindeng ngimpina, lantaran teu tigin kana ngahidji, dikentjar ngoembar sorangan, emboeng goeloeng djeung loeloegoe, atoeh komo keur saréna mah, meureun asa djongdjon oentjlang-antjlong henteu aja noe ngarèwong, henteu kaweur henteu kagimbreung-gimbreung.

Malikkeun deui pangali, malikan alamat impian, noeroetkeun kapertjajaan oerang dieu, impian tèh djadi ilapat tèa. Ieu di handap diserat alamat-alamatna, noeroetkeun paritimbom Djawa kenging njoetat tina Djawa No. 4. 2. Jaargang, ditambahin koe anoe biasa dipertjaja koe Soenda.

- ① Ngimpi njaho di Allah, bakal tinekanan maksoed (karepè dadè).
2. Ngimpi soeka-soéka, bakal paila bakal soesah.
- ③ Ngimpi papanggih djeung Kangdjeng Nabi Moehamad, bakal pinanggih bagdja lahir batin.
- ④ Ngimpi ningal tjoekang sirotolmoestakim, bakal ngalakonan panggawè bener.
- ⑤ Ngimpi njoekang dina tjoekang sirotolmoestakim, bakal moal aja noe tjantjaja, bakal dipertjaja koe djelema.
6. Ngimpi teu njoekang Sirotolmoestakim, bakal gering.
7. Ngimpi ngadji, bakal njimpang tina agama.
- ⑧ Ngimpi papanggih djeung Sahabat K. Nabi (Aboe Bakar, Oemar, Oesman, Ali), bakal migawè kahadèan at meunang 'elmoe.

9. Ngimpi kiamat, bakal keuna pitenah atawa, bakal ngalakonan gawè masiat.
- (10) Ngimpi loemakoe ngaler, bakal meunang redjeki.
- (11) Ngimpi ningal panan-poè at. boelan, bakal beunghar. (Tjeuk oerang Soenda, bakal oentoeng, meunang daradjat gedé, bakal boga anake pinter).
12. Ngimpi samagaha, bakal meunang pantjabaja.
- (13) Ngimpi srangengè toemoeroen ka boemi, asoep ka imah, bakal meunang daradjat.
14. Ngimpi ningal mèga beureun at mèga hidetung, bakal aja pantjabaja (roepa-roepa kasoesahan) di désana.
15. Ngimpi langit poèk, bakal moal pertjaja kana agama.
- (16) Ngimpi kahoedjanan, bakal aja anoe mèrè, meunang redjeki.
17. Ngimpi nèndjo hoedjan, bakal djadi loerah.
18. Ngimpi katebak angin, bakal yoeksak désana.
19. Ngimpi katebak angin laoet, bakal èlèh perang.
20. Ngimpi ningal hoedjan atawa hoedjan angin ti kadjoehan, bakal bakti ka ratoe.
- (21) Ngimpi hoedjan boeah, bakal meunang kaboengahan.
22. Ngimpi mandi dina tjai hèrang, bakal djaeoñ tina kaprihatinan.
- (23) Ngimpi ninggal waloengan keur gedè tjai, bakal tapa (Tjeuk oerang Soenda mah, bakal manggih amarah, pipasèaeun).
24. Ngimpi ninggal waloengan ngolètrak tjaina, bakal kaandjangan oerang désa sèdjèn atawa bakal diloerahan koe oerang desa sèdjèn.
25. Ngimpi teuleum di talaga, bakal djadi djelema merdika. (Tjeuk Soenda mah bakal tjlaka).
- ? 26. Ngimpi teuleum di waloengan, bakal pinanggih bagdja (Tjeuk Soenda bakal tjlaka).
27. Ngimpi ngodjaj, bakal moebali panggawèna.
28. Ngimpi ngaloentjatan waloengan, bakal pondok oemoer.
- (29) Ngimpi tjai laoet amis, bakal meunang redjeki, oentoeng djalan tina roepa-roepa pantjabaja.
- (30) Ngimpi nginoem soesoe, bakal meunang redjeki halal.
31. Ngimpi boga hajam djago, bakal boga anak lalaki.
- (32) Ngimpi loba hajam, bakal rèa moerid anoe goegoer.
- ? 33. Ngimpi ningal daging at. meuntjit sato bakal meunang kahadèan (Tjeuk Soenda mah bakal kapapatènan).
34. Ngimpi loebak liboek daging embè, bakal rèa noe njoro redjeki (Soenda: bakal kapapatènan).
- (35) Ngimpi ningal gadjah, bakal diasih koe ratoe. (Di Soenda mah maoeng lain gadjah).
- (36) Ngimpi kadatangan gadjah, bakal katatamoean koe mènak (Di Soenda mah koe maoeng lain koe gadjah).
- (37) Ngimpi aja gadjah asoep ka imah, bakal djeneng, naèk pangkat.
- (38) Ngimpi digègèl sato galak, bakal diasih koe djelema.
39. Ngimpi ninggal pamegaran oraj matih, bakal diambil koe pamadikjan.
- (40) Ngimpi ninggal liang oraj, bakal pandjang oemoer.
41. Ngimpi kahoeroean, bakal tjlaka gedè (Soenda bakal manggih napsoe).
- (42) Ngimpi, ngampihan seuneu, bakal tjoekkoel pakaja.
43. Ngimpi nèndjo goenoeng, bakal meunang bédja.
- (44) Ngimpi njaba ka goenoeng, bakal meunang noegraha.
45. Ngimpi kaloear ti leuweung, bakal leu-leungiteun.
- (46) Ngimpi asoep ka masigit, bakal meunang badja.
47. Ngimpi njieun imah, bakal laksana karepna atawa bakal boga pamadikjan.
48. Ngimpi aja noe mergasa, bakal pinanggih soesah.
49. Ngimpi asoep ka naraka bakal gedè dosa.
50. Ngimpi ngedègdèg atawa hareudang, bakal kadatangan tjlaka, karoeroegian.
51. Ngimpi aja angin gedè, tatangkalan raroengkad, bakal paila atawa aja anoe ngaroeroeg.
- (52) Ngimpi aja ditengah sagara, bakal meunang doeit

53. Ngimpi palid ka laoet, bakal laksana anoe disedja, tapi batoer rēa anoe ngèwa
54. Ngimpi ngarasa panas, bakal meumang, redjeki tina djalan sèrong.
55. Ngimpi dahar boeah, bakal aja noe matjikeuh.
56. Ngimpi ningal warna-warna kembang, bakal djadi pangkat.
57. Ngimpi dahar laoek embè, bakal meunang redjeki (Soenda: ngimpi dahar laoek bagong).
58. Ngimpi dahar laoek sapi, laoek moen ding, laoek hajam, atawa lètah, bakal meunang kahadean.
59. Ngimpi kabojong koe moesoeh, bakal balik ka bali geusan ngadjadi.
60. Ngimpi tépoeng djeung Nabi Isak, bakal sakti at. meunang daradjat.
61. Ngimpi ka sawarga, bakal laksana sakabèh karep.
62. Ngimpi kaloear ti sawarga, bakal roentag babandaan.
63. Ngimpi ningal naraka, gedè dosa koedoe-tobat.
64. Ngimpi kiamat, bakal djeneng naèk pangkat at. tinekanan sakarepna.
65. Ngimpi ningal bëntang, bakal meunang bagdja.
66. Ngimpi oenggah ka langit, bakal meunang daradjat gedè.
67. Ngimpi samagaha sarangèngè at. boelan radja bakal soesah lantaran nagara roeksak
68. Ngimpi boelan asoep ka imah, bakal oentoeng gedè.
69. Ngimpi ningal tjai datang, bakal moenggah hadji (Soenda: bakal amarah).
70. Ngimpi teuleum dina tjai kiroeh, bakal tatapa.
71. Ngimpi ningal waloengan tjaina hèrang, bakal nampa barang emas-inten.
72. Ngimpi nginoem ti waloengan, bakal diseuseul koe doenoengañ, tapi laksana panedjana.
73. Ngimpi teuleum dina tjai hèrang, bakal soegih.
74. Ngimpi nginoem tjai hèrang, bakal tegoeh agamana.
75. Ngimpi nginoem anoe kentel kentel, bakal boga emas pèrak.
76. Ngimpi ngaloentjatan waloengan bakal pondoèk oemoer.
77. Ngimpi paparahoean bakal soesah.
78. Ngimpi toetoeroeboen ka talaga, tobat ka Allah.
79. Ngimpi ningal sinar sarangèngè, damar atawa haseup bakal gampang sagala karep.
80. Ngimpi ningal seuneu ti kadjaohan, bakal pandjang oemoer.
81. Ngimpi kaeutjingan, kasasar lampahna.
82. Ngimpi djadi lintoeh, bakal loepoet tina baja.
83. Ngimpi ningal goenoeng at. seuneu ti kadjoéhan bakal diasih koe doenoengan.
84. Ngimpi lintoch bakal oentoeng.
85. Ngimpi sambèang, bakal laksana panèdja.
86. Ngimpi ditjabak sirah, bakal tinekanan sapanedja.
87. Ngimpi kaandjangan, bakal mimitran djeung salochoereun.
88. Ngimpi diragap awak, bakal gering parna atawa bakal kasèmahan baraja.
89. Ngimpi pepanggih djeung awèwè, bakal kawin.
90. Ngimpi beungent djadi bodas, bakal boga pamadjikaneun.
91. Ngimpi diboera oraj, bakal meunang pipamadjikaneun bakal kawin.
92. Ngimpi dipatjok oraj, bakal tjlaka koe moesoeh.
93. Ngimpi papanggih djeung Malaikat, djeung Nabi Adam, djeung Widadari, bakal djadi gegedèn.
94. Ngimpi hajang boeboeang bakal salamet.
95. Ngimpi nandjak ka goenoeng, bakal naèk pangkat.
96. Ngimpi nimoe pakarang, bakal naèk pangkat.
97. Ngimpi mandi bakal gering.
98. Ngimpi toempak koeda, bakal gering.
99. Ngimpi boeboeang, bakal katjilakaan, leuleungiteun.
100. Ngimpi nèwak manoek, bakal meunang bogdja.
101. Ngimpi imah kahoeroean, bakal meunang bahaja gedè.
102. Ngimpi kadatangan djelema rēa bakal kapapatènan.
103. Ngimpi hiber, bakal oentoeng.
104. Ngimpi katinggang kai, bakal tjlaka gedè.

- (105) Ngimpi soemoer pinoeh koe tjai, bakal tjoekoel sagala gawè.
 106. Ngimpi geloet élèh bakal gering.
 (107) Ngimpi disalin koe papakèan weuteuh, bakal naèk pangkat boga gawè anjar.
 (108) Ngimpi tjatjarita djeung sepoeh anoe geus teu aja di kieuna, bakal pandjang oemoer.
 109. Ngimpi soehoenan tisorosod, bakal soesah.
 110. Ngimpi nimoe doeit, bakal leuleungiteun (Tjeuk oerang Soenda, bakal radang).
 111. Ngimpi maèhan oraj, bakal moal djadi sakarepna.
 112. Ngimpi dipatjok oraj matih, bakal diasilh koe awèwè.
 113. Ngimpi noengkoelan noe kariaan, bakal aja noe kapapatènan.
 114. Ngimpi poenglak hoentoe ti loehoer, bakal kapapatènan koe baraja saloehoe reun.
 115. Ngimpi poenglak hoentoe ti handap, bakal kapapatenan baraja sahandapeun.

53 nu hadé} 56 59 nu goreng (kurang hadé)

Sawèr Si Roentjang Koendang.¹⁾

1. Asalamoealaékoem,
Si Baji Raden Kawati,
Si Lénggang géleréng hérang,
Si hening atjining bening,
Si Padang sipoé pandjang,
anaking anak papanting.
2. Si Koentjoeng Si Aroem tandjoeng,
Si Atji atjining-hening,
Si Lénggang gilang goemilang,
Si Ginding Si Pada ngaping,
Si Poerba wisésaning Jang,
hatoeran bagéa soemping.
3. Disoewoek kidoeng djeung kidoeng,
dipirig dangding djeung dangding,
pada welas noe maridang,
pada asih noe njaranding;
sawérna Si Roentjang koendang,
pameulit atti noe ngaping.
4. Lailahailellohoe,
kawitan sawér kiai,
Moehammadoerrasoelolah,
eusina sawér ki santri,
poesaka sawér baléula,
dirampid sama sakali.
5. Poen sampoen amitan ampoen,
ka Batara ka Batari,
Batara para dèwata,
Batari para dédéwi,
Batara teroesing rasa,
rasaning sawér kinanti.
6. Amit ka Batara Goeroe,
goeroe poëtra goeroe poetri,
goeroe poëtrá naga radja,
goeroe poetri naga sepi,
goeroe Sang kama dirasa,
goeroe roemasaning boedi.
7. Noe mantjoer mantjoer di panggoeng,
anoe ngaping sakoeriling,
noe ngajang di awang awang,
anoe ngaping beurang peuting,
noe ngabangbang raga oerang,
anoe ngaping raga aing.
8. Pitik toelak pitik toekoeng,
toetelaking djabang baji,
toelak rantjana wisaja,
toelak noe hiri noe dengki,
toelakna kalimah sada,
sada moeni koe djasmani.
9. Koer bajoe koeroengan bajoe,
koer baji koeroengan baji,
koer sawanan sašambatan,
sadérék medal sapeuting,
tah tampa dina taweuran,
ninggang sisindiran dangding.
10. Bajoe diawoer koe bajoe,
koenir diawoer koe koenir,
panglaj diawoer koe panglaj,
doeit diawoer koe doeit,
béas diawoer koe béas,
eusí kasaoeran santri.

11. Hoe Allahoe Ja Allahoe,
bismillahi bismillahi,
padjagalap noe walatra,
tjandoli noe małak mahi,
kabajan moesna saboelan,
katoeroeban tjeuli moending.
12. Tangtoeng kagimboeng koe tangtoeng,
boedi ka irid koe boedi,
welas katebak koe welas,
asih kairid koe asih,
tjahja karérab koe tjahja,
moelih ka alaming soetji.
13. Noe moengpoeng noengtoen rahajoe,
djasmani kalangkang ati,
nja raga kalangkang rasa,
soempi ng tandaning mi ash,
éar tandaning miwelas,
pambrihna hajang lastari.
14. Amin amin ja Allahoe,
pipokkeun koering ti tadi,
moegi moegi moega moega,
lastari noe dipiatì,
laksana noe dipimanah,
oelah madawa madawi.
15. Neda agoeng nja paraloen,
ka noe njaranding saroemping,
mihapé waloeja oerang,
mihapé éling ka éling,
mihapé barang kasorang,
mihapé weling anaking.
16. Ka loehoer ka Sang Roemoehoen,
para Nabi para Wali,
para arwah noe sampoerna,
para wargi noe soewargi,
neda djiad berekahna,
hajang djamoega djamoegi.
17. Jahoedat wedjibool woedjoed,
noe disindiran ti tadi,
nja waloeja nja waloeja,
nja djamoega nja djamoegi,
ja allah walahoealam,
ja amin raboel alamin.

¹⁾ Karangan Djoeragan H. Hasan Moestapa Panggoeloe Bandoeng pangcioen, kintoenan M. Wangsa Atmadja.

Oenak-anik basa Soenda

IV

	Hartina ketjap-ketjap basa Kawi anoe sok dipakèngaran, noemoetkeun katrangan tina Woordenboek Toean Roorda.
<i>Wira</i>	= kawasa, pradjoerit, sènepati, prijaji, pinoendjöel. Saroea baè hartina djeung <i>Wirja</i> , nja èta anoe gedè wawanènna kana madjoe perang.
<i>Prawira</i>	= pradjoerit, mènak tocroenan loehoeng, satrija, noe pantjeg adjeg wawanènna.
<i>Warga</i>	= baraja, sanak, kadang. Warga (Skr) = ihwan, anoe saroea tahapanana atawa martabatna pikiran, anoe saoedagan, <i>sapartij</i> .
<i>Sastrå</i>	= aksara, toelisan, boekoo èlmoe, kitab, èlmoe basa.
<i>Soerja</i>	= Soerija = strangéngé, panon-poë.
<i>Nata</i>	= ratoe, radja.
<i>Niti</i>	= atoeran, papagon, èlmoe nga- heujeuk nagara, perang, adil, gadjah.
<i>Naja</i>	= oelat, pasemon, semoe, poelitik.
<i>Djaja</i>	= oenggoel, koeat, moedjoer, sak- ti wenang.
<i>Joeda</i>	= perang, pakarang, gagaman.
<i>Soeta</i>	= anak, poetra.
<i>Karta</i>	= <i>Kerta</i> = rahajoe, bérès, teu aja pikaharing — hangeun, henteu werit, aman, moerah sandang pangan.
<i>Poera</i>	= nagara, kadaton, karaton.
<i>Prana</i>	= ati, boedi, tjipta, meneran, toe- djoe. <i>Prana</i> (Skr), ambekan, pantjadria.
<i>Poerwa</i>	= <i>poerba</i> = wiwitinan, asal, mimeti, baheula, koena, wétan.
<i>Wangsa</i>	= sanak, baraja, bangsa,
<i>Mangoen</i>	= gawè, imah, bangoen, rèka,
<i>Madja</i>	= <i>Dja</i> = anak, medal.
<i>Tjita</i>	= tjai, pamandian anoe dipoen- djoeng-poendjoeng' pamandian noe harenghèng; patapan.
<i>Brata</i>	= tapa, lampah, lakoe,

<i>Soera</i>	=	1. Dèwa, Batara 2. pradjoerit anoe gedè wawanen, wani, wa- wanèu 3. arak sopi.	671
<i>Pradja</i>	=	1. nagara, 2. volk, djelema- djelema, rajat.	458
<i>Koesoema</i>	=	kembang, mènak agoeng, sese- boetan ka istri anoe geulisna pinoendjoel, mènak anoe di- adjènan.	98
<i>Ganda</i>	=	(Skr <i>Gandha</i>) = seungit, seu- seungitan.	614
<i>Karna</i>	=	tjenli, tjepil.	74
<i>Hardja</i>	=	<i>Redja</i> = èndah, aloes, ngagenjas, pantes. moerah sandang pangan toer salamet, boengah, langen.	708
<i>Soewita</i>	=	kawoela, abdi, ngaoela, ngabdi, noeroet.	?
<i>Atma</i>	=	njawa, hoerip.	564
<i>Atmadja</i>	=	(<i>Atmaja</i> Skr) = <i>Atma</i> = anak, poetra.	656
<i>Sasmita</i>	=	isarat, tanda, alamat, imoet, goemoedjeng, seüri.	696
<i>Di = Adi</i>	=	<i>Hadhi</i> = èndah, aloes, taja koe- tjiwana, lineuwih, anoe pang- poendjoelna, pangpanéna, pang- mimitina.	—
<i>Adi ning rat</i>	=	anoe pangpoendjoelna di doe- nya, anoe pangmimitina di doenja, anoe pangsoetjina at. anoe panglineuwihna di doenja.	—
<i>Wi</i>	=	lineuwih, banget, katjida, leu- wihi.	558
<i>Kantjana</i>	=	emas.	?
<i>Soedjana</i>	=	(soe-djana) djelema hadè, ati- ati, ijatna, tjangtjajaan, pre- jatna.	510
<i>Swandana</i>	=	karèta, karèta paragi perang.	—
<i>Siti</i>	=	tanah, boemi, tempat matoeh.	679.
<i>Ningrat</i>	=	<i>ing rat</i> = doenja, doenja, ti sakoeliah doenja, di antèro doenja, saalam kabèh.	—
<i>Soema</i>	=	kembang (Koesoema).	518.
<i>Soma</i>	=	boelan, tjaang.	54.
<i>Marta</i>	=	woelang, hoerip, tjai hèrang, wening.	99.
<i>Denda</i>	=	pangabarán, pakarang, katjida, kawasa.	518.
<i>Rana</i>	=	pangperangan, tempat, perang.	—
<i>Ranoe</i>	=	(ranau, danau, dano) talaga, tjai, talaga anoe kalioeng koe goenoeng.	379.
		<i>Manggala</i> = mimiti, wiwitan, pangharepan. pradjoerit, gadjah, oentoeng (salamet).	—
		<i>Raksa</i> = ngaraksa, ngadjaga.	458
		<i>Asta</i> = <i>hasta</i> , leungeun.	98
		Pihatoer Redaksi.	614
		Soewitjana + adil	74
		Soewitjana + adil	708
		Soewitjana + adil	?
		Diantawis para Djoeragan anoe moendoet djadi langganan P. S, aja anoe henteu ngin- toenkeun poswissel pikéun major artos lang- ganinan, doegi ka koe Redaksi kapaksa di- kintoenan postkwitantie . Nanging matak harèndeg , röh aja postkwitantie anoe balik lèngoh toer èta anoe tjidra tèh <i>pikaisineun</i> . Nanging sawangsoelna ka para Djoeragan anoe sanes anoe pada merloekeun ngabajoean P. S, Redaksi oendjoek noehoen.	558
		Postwissel anoe parantos katampi ti wang- kid 20 December 1922 (Tingali P. S. No. 7) doegi ka Februri 1923, nja eta ti Djoeragan- djoeragan:	—
	307.	M. Kd. Martadisastra Singaparna.	—
	672.	R. Djoendjoenan. Ind. Arts Taloe.	54.
	673.	Bibliotheek Pasoendan, Soerabaja.	99.
	657.	M. Lesmanadipoera Tjimindi.	518.
	640.	Djoer. Anong Afd Bank Bogor.	—
	469.	" Nawawi Panaragan kaler.	379.
	—	" Soelaeman Osvia Serang f 12,25	—
	303.	Kd. Soediredja Garoet.	—
	—	E. Soedjana N. School Serang f 17.—	522.
	478.	" Wiradjawa Bandoeng.	135.
	288.	Mh. Soemardi Serang.	—
	209.	O. Wiradinata Tasikmalaja.	552.
	679.	Tan Tek Tjoen Dawoean f 1.—	—
	365.	Soeriawidjaja, A. W. Mantjak Banten.	559.
	628.	" Oe. M. Neneng Bogor.	504.
	696.	R. Odang Boscharchitek Soekaboemi.	488.
	596.	Djoer. P. Lie Tjeng San Buitenzorg.	423.
	308.	Rd. Koesoemasoedjana. Ind. Arts. Blin- njoe.	424.
	676.	Djoer. Djoenaidi Toko Inten bidoeri Bandoeng.	210.
	641.	Rd. Sartrasentana Buitenzorg.	244.
	—	M. I. Prawirawinata Bandoeng f 2.16.	245.
	593.	Djoer. Prawiratmadja H. O. Singaparna.	247.
	550.	Rd. A. Tisnakoesoemah Djoer. Wadana Karangnoenggal.	53.
			310.
			157.

Jenjaran 1625

moen goeroe masih hiroep,
peupeudjeuh oe lah wani-wani,
mapatshan noe lian.
tah koesabab kitoe,
kakang teu bisa miwoelang,
ngan noedoehan goeroe kakang hadji pasti,
noe koedoe digoeroean.

Sadjahina hénteu beres goendoekna sora
teh, bilanganana deuih hénteu toemoet
oengkara, toeroeg-toeroeg neundeunna kétjap
teu ninggang, teu poepoegoeh dina pada-
lisan, noe ka 9 bét gek bae dipérnahkeun
kétjap pasti.

Anoe sae marga, loejoena, anoe leres
bilanganana, noe beres goendoekna sora,
anoe ninggang gek-gekanana ketjap:

Sagébroelan nonoman pawéstri,
sami gandang angkat, gegendengan,
namoeng teu nganggo paenggondeng,
angkatna sémoë njéngkoeg,
mana horeng sapatoe djaging,
noe djengke, djangkoeng hakna,
na aja kajoengjoen,
kamadjéngan — istri Soenda,
daweung loedéung — pásemon taja kaā-
djrih,
boeboehan — paladjaran.

Ajeuna mangga oerang ladjéng nataän,
bilangan hadji-hadjina poepoeh, oengkarana:

= 2 Sinon, 9 pada-lisan,

1. a = 8 *Kalibulan de*
2. i = 8 *gerah a frida*
3. a = 8
4. i = 8
5. i = 7
6. oe = 8
7. a = 7
8. i = 8
9. a = 12; goendoekna sora kedah $4 + 8$,

= 3. Asmarandana, 7 pada-lisan;

1. i = 8
2. a = 8
3. e (o) = 8 *Kalibulan de*
4. a = 8
5. a = 7
6. oe = 8
7. a = 8

= 4. Kinanti, 6 pada-lisan,

1. oe = 8 *Kalibulan de*
2. i = 8 *de mihay, meng*
3. a = 8

4. i = 8

5. a = 8

6. i = 8

= 5. Midjil, 6 pada-lisan,

1. i = 4 + 6
2. o = 6
3. e = 10 = $(4 + 6)$
4. i = 10 (9)
5. i = 6
6. oe = 6

nganggo

= 6. Magatroe, 5 pada-lisan,

1. oe = 4 + 8 + 4 + 8
2. i = 8 +
3. oe = 8
4. i = 8
5. o = 8

*babang dan
goenggoen*

= 7. Pangkoer, 7 pada-lisan,

1. a = 8
2. i = 4 + 7
3. oe = 8
4. a = 7
5. oe = 4 + 8
6. a = 7 8
7. i = 7 8

lalampadein

= 8. Poetjoeng, 4 pada-lisan,

1. oe = 4 + 8
2. a = 6
3. i (e) (o) = 8
4. a = 4 + 8

piwulang

= 9. Doerma, 7 pada-lisan,

1. a = 4 + 8
2. i = 7
3. a = 6
4. a = 7
5. i = 8
6. a = 5
7. i = 7

*pasing, bandas, pesca,
perang roval*

= 10. Maskoemambang, 4 pada-lisan,

1. i = 4 + 8
2. a = 6
3. i = 8
4. a = 8

prima

= 11. Lambang, 4(8) pada-lisan,

Ngalagéna sadajana, sadajana dalapan sora.

= 12. Wirangrong 6 pada-lisan,

1. i = 8
2. o = 8
3. oe = 8
4. i = 7
5. a = 6
6. a = 8

III

148

Difasakan antara
siswa dinda
Ranuawulan.

304. Rd. Wiradiatmadja Djoerg. Patih Tji-andjoer.
 406. Djoer. Moeh. Mardjoeki. Tjipanas Tji-andjoer.
 301. " Wirasendjaja Tjiandjoer.
 501. Rd. Soeriamihardja Djoerg. Wadana Patjet.
 500. Rd. Wiratanoeningrat Tjiandjoer.
 — Djoer. Mantri Goeroe No. 1 Tjiandjoer.
 — " " " Tjiandjoer?
 — " " " kl II. Tjiandjoer?
 — " " " " " Tjiandjoer?
 505. Rd. Kartadipoera Djoerg. Patih Tjiamis.
 480. Djoer. Natadihardja Tjiamis.
 — " Mantri Goeroe No. 1 Tjiamis.
 — " " " kl II. Tjiamis?
 261. Rd. Soeandakoesoema Djoer. Djaksa Tjiamis.
 92. M. Soetasentana Tjiamis.
 174. Djoer. Soebitaatmadja Tjiamis.
 277. M. G. Kartaatmadja Tjiamis.
 535. Rd. Bratawinangoen Djoerg. Wadana Pandjaloe.
 312. M. Somahardja Djoerg. S.O. Kawali.
 311. M. Karnadiredja " S.O. Tjilegon.
 431. Rd. A. A. A. Djajadineringrat Kangdjeng Dalem Serang.
 436. Rd. Kartodikoesoema Serang.
 320. Rd. Soepian Iskandar Serang.
 321. Rd. Ismail Djoer. Gambar Serang.
 183. Rd. Nataprawira Serang.
 376. M. Moeh. Mangoendiwia Serang.
 370. Rd. Martadilaga Serang.
 419. M. Wiriaatmadja Radjapolah.
 223. Rd. Abas Tasikmalaja.
 228. Rd. Ardiwidjaja Tasikmalaja.
 590. M. O. Sastramadja Tasikmalaja.
 306. Rd. Wiradiradja Djoer. S.O. Tasikmalaja.
 153. Djoer. O. Sasmitawidjaja Tasikmalaja.
 159. Rd. Kartadibrata Tasikmalaja.
 208. M. Soemadiwangsa Tasikmalaja.
 221. Rd. Wangsanagara Djoer. Tjamat Tasik.
 549. Rd. Soeriaatmadja Djoerg. Wadana Taradjoe.
 548. Rd. Soerialegawa " Si-ngaparna.
 498. Rd. Ad. Wiratanoeningrat Kandjeng Dalem Tasikmalaja.
 495. M. Darmadji Djoerg. Patih Koeninan.
 30. Rd. Martadiredja Djoerg. Djaksa Koeninan.
 959. M. Wiraatmadja Koeninan.
 496. M. Pringgakoesoemah Djoerag. Patih Tjirebon.
 513. Rd. Rg. Wangsaatmadja Djoerg. Wadana Bandjaran.
 728. Djoer. A. J. Bos Bandoeng.
 729. M. Hadji Moehamad Tahir Djoerg. Djaksa Brebes.

Panambih.

Diantawis Djoer. Mantri Goeroe kl II, aja anoe katampi postwisselna teu aja tempatna, moeng disebat *Tjiandjoer* at. *Tjiamis* woeng-koel. Koe margi éta moegi kersa maparin-katrangan: 1 **Djenengan 2 tempat**, soepados oelah matak kaliroe sareng anoe teu majar.

Redaksi.

